# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु उत्तर प्रदेश अधीनस्थ सेवा चयन आयोग–यूपीएसएसएससी की ओरि से नया चयनित एक हजार एक सौ बारह कनिस्ठ सहायकन आ बाइस एक्स–रे टेक्नीसियन के नियुक्ति पत्र बंटले से जुड़ल लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि येह समय ढेरि संख्या में नियुक्ति क प्रक्रिया पारदरसी तरीका से पूरा हो रहल हौ, जेकर नतीजा बा कि उत्तर प्रदेस आगे बढ़ि रहल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में पछिला आठ सालि के दौरान मेडिकल कॉलेज क संख्या ढेरे बढ़ल बा।

**आज उत्तर प्रदेश के अंदर सरकारी और निजी क्षेत्र को मिला कर के देखेंगे तो जो पहले चालीस मेडिकल कॉलेजेज थे जिसको बनने में सौ साल से ज्यादा लगे थे। आज उसी उत्तर प्रदेश में हम लोगों ने पिछले आठ–साढ़े आठ वर्ष में मेडिकल कॉलेजज की संख्या बढ़ा करके अस्सी से ऊपर पहुंचाने में सफल हुए हैं और आज वन ड्रिस्ट्रिक्ट वन मेडिकल कॉलेज उत्तर प्रदेश की पहचान बन रहे हैं।**

प्रदेस के अउरियो जिलन में नियुक्ति पत्र बंटले से जुड़ल कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि प्रदेस कै जवने किसानन क फसिलि बाढ़ि अउर जलप्लावन के चपेटा में आइल बा, सर्वे के बाद प्रदेस सरकार उनके नोकसान क भरपाई करी। उहां के आजु सहारनपुर में पंजाब, हिमाचल प्रदेस अउर उत्तराखण्ड राज्य के बाढ़ि पीड़ितन क सहायता बदे आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत रहलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क बाढ़ि परभावित इलाकन में सर्वे क आदेस दे दिहल गइल बा। एहसे पहिले उहां के पड़ोसी राज्यन के भेजल जा रहल राहत क समानन वाला गाड़ियन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं।

हमरे संवाददाता बतवलें कि प्रदेस में गंगा, जमुना, शारदा अउर रामगंगा जइसन प्रमुख नदी उफान पर हइनि आ करीब एकतालीस हजार हेक्टेयर से बेसी जमीनि जलमग्न हो गइल हौ। येह समय प्रदेस कै करीब अड़तालीस जिला बाढ़ि के चपेटा में हवे। येह इलाकन में राहति अउर बचाव कार चलि रहल बा।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी इग्यारह सितम्बर के बनारस अइहें। अपने एक दिन के बनारस दौरा के दौरान उहां के मॉरीशस क प्रधानमंत्री नवीन चन्द्र रामगुलाम के साथे द्विपक्षीय बातचीत करबि। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री वाराणसी के लाल बहादुर शास्त्री हवाई अड्डे से हेलीकॉप्टर के माध्यम से पुलिस लाइन पहुंचेंगे। पुलिस लाइन से होटल तक भारतीय जनता पार्टी के हजारों कार्यकर्ता उनकी अगवानी पुष्प वर्षा कर करेंगे। वह होटल ताज में मॉरीशस के प्रधानमंत्री नवीन चंद्रराम गुलाम के साथ द्विपक्षीय बातचीत करेंगे। मनीष सिंह, आकाशवाणी समाचार वाराणसी**

एहसे पहिले दस सितम्बरे के संझा मॉरीशस क प्रधानमंत्री बनारस पहुंचि जइहें। प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल बनारस में उनकर स्वागत करिहें।

**********

स्वतंत्रता दिवस पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह दीवाली से पहिले अगिला पीढ़ी के जीएसटी सुधारन क घोसणा कइले रहलें। बेसी सक्षम अउर जनहितैसी अर्थव्यवस्था बनवले के प्रधानमंत्री क ई वादा तीनि सितम्बर के पूरा भइल, जब जीएसटी परिषद आम लोगिन पर धियान केन्द्रित करत दरन के तर्कसंगत बनवले क मंजूरी दिहलस। आम लोगिन पर केन्द्रीत जीएसटी सुधार बाइस सितम्बर से लागू होई। नवीकरणीय ऊर्जा क्षेत्र में कइल गइल सुधारन पर प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**ऊर्जा क्षेत्र में बड़े बदलाव के अंतर्गत सौर कुकर, सौर पैनल, पवनचक्की, बायोगैस प्लांट और कचरे से ऊर्जा बनाने वाले सिस्टम पर जीएसटी 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया गया है। कोयला और लिग्नाइट पर जीएसटी 5 प्रतिशत से बढ़ाकर 18 प्रतिशत कर दिया गया है, ताकि उद्योग हरित ऊर्जा का इस्तेमाल करें। हालांकि इलेक्ट्रिक वाहन अभी भी 5 प्रतिशत जीएसटी के अंतर्गत ही रहेंगे, ताकि साफ और हरित परिवहन को बढ़ावा मिले। उद्योगपतियों ने इन जीएसटी सुधारों को संतुलित और सही कदम बताया है। केंद्रीय पर्यावरण, वन और जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेंद्र यादव ने जीएसटी परिषद के सुधारों को हरित भारत के लिए जीएसटी सुधार कहा है। ईशानी यादव, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

काल्हि राति लागल येह बरिस क आखिरी पूर्ण चन्द्रग्रहण के बादे आजु भिन्नहीं लोगि प्रदेस के कई गो नदियन में नहइलें आ पूजा–पाठ कइलें। येही क्रम में अजोध्या में गरहन के नाते काल्हि दुपहरिया बाद बन्द कइल गइल श्रीराम मंदिर क कपाट आजु खोलि दीहल गइल। सरजू में नहइले के बाद ढेरि संख्या में सरधालु प्रभु श्रीराम क दरसन–पूजन कइलें।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में चउदह सितम्बर ले कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक आवे वाला चउबीस घंटा में पूरबी आ मध्य उत्तर प्रदेस में अधिकतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस क गिरावट हो सके ला।

**********